

S E R A T

KACA WIRANGI

Nyariosaken dedongenganipun peksi

Perkutut dhumateng peksi Derkuku

mralambangaken pepindhan

bab adeging gesang-

ipun manungsa

Dipun tedhak saking

buku basa sarta seratan Jawi

babaran Toko Buku

Tan Khoen Swie

tahun 1922

S E R A T

KACA WIRANGI

Nyariosaken dedongenganipun peksi

Perkutut dhumateng peksi Derkuku

mralambangaken pepindhan

bab adeging gesang-

ipun manungsa

Dipun tedhak saking

buku basa sarta seratan Jawi

babaran Toko Buku

Tan Khoen Swie

tahun 1922

== o O o ==

I. DONGENG KACA BENGGALA AGENG

Cariyos peksi perkutut kaliyan derku-ku sami ngudi kawruh kasampurnan sarta damel ibarat kadhapur dongeng.-

Wonten peksi perkutut kaliyan derkuku mencok ing wit mandira. Peksi perkutut ndongeng kados ing ngandhap punika :

Ana nagara, misuwur endahing patamanane, kekembangan kang tinandur ing kaputren luwih satus warna. Kapageran pacak suji emas, karengga ing beji, sinasrah ing watu cendhani, kinepung ing reca prunggu lan rerenggan liyane sarwa emas tinaretes ing sesotya.

Cedhak lan palenggahane sang putri, kasebaran sesotya war-na-warna. Yen wayah esuk akeh kupune putih, abang, kuning, wungu, ijo, biru lan ireng, padha miber pating saliwer golek maduning kembang, ndadekake wuwuhing asrine patamanan.

Sakehing kupu padha bungah-bungah lelangen ing pata-manan. Ana ing kono padha unkul-ungkulan bagusing elar, Wa-sana kupu kang putih celathu marang kupu liyane mangkene : delengen elarku putih resik, ora kayá elarmu katon reged pating caloneh, pating balentong sarta njuwarehi. Sajatine ora ana war-na kang becike ngungkuli putih, marga putih iku warna kang suci sarta bares, iya putih iku dhasare warna kabeh. Wong nulis, wong nggambar lan wong mbathik, kabeh dhasare putih, awit saka iku dluwang lan mori digawe putih, lan maneh akeh wong dhemen manganggo sarwa putih, mulane Gusti Allah nitahake kapas putih. Gamping tinitah putih, sababe omah uga becik kang putih, dalah atine manungsa becik kang putih, yaiku suci. Tembung putih sok digawe kembang lambe, dienggo ngupamak-ake barang kang suci utawa resik. Sarehne warna kang utama iku putih, mulane kupu kang bagus dhewe iya iku kang warna putih.

Kupu kang abang mangsuli mangkene : Mungguh becike warna putih iku mawa-mawa kanggone. Ing atase rerenggan putih iku dudu kabagusan, luwih-luwih rerenggan kang di-enggo ngrenggani patamanan iki, warna putih kang kok arani

suci iku dadi pucet, ora duwe guwaya. Mungguh anane kupukupu padha teka ing kene satemene dipikat nganggo madu, perluné dienggo rerenggan patamanan, mulane kang aran kupu bagus iya kang bisa muwuhi bagusing patamanan. Sarehne elar-mu ora muwuhi kebagusan apa-apa tetep kowe iku kupu kang ala. Manawa kowe arep sumurup warna kang muwuhi kebagusan ndelenga warna kang ora pucet, dene warna kang ora pucet mangkono warna kang mbrenganggang utawa menger-menger. Ora susah adoh-adoh, delengan kembang-kembang ing petamanan iki bae, kowe banjur sumurup dhewe, endi kang moncol ing rupa yaiku kang abang. Mara waspadakna kembang cengger kae, abange menges tur menger-menger, mangkono uga kembang mawar, wora-wari bang, sepatu, padha pinunjul ing rupa sabab abang. Guwayaning wong kang bregas iya kang abang mbrenganggang. Babaran kang bagus iya kang abang sumringah. Kajaba iku warna abang becik marang mripat. Lakar abang iku padha-padha warna gagah dhewe lan moncol dhewe, mulane disenengi ing akeh, dalasan bocah cilik dhemen dolanan kang warnane abang, kang adhakan dipilih dhisik. Dadi keterangan : kupu abang kang bagus dhewe.

Kupu kuning ngrungu celathune kupu putih lan abang nyauri mangkene : putih katimbang abang nyata yen bregas abange, nanging abang katimbang kuning adi kuninge, tandhane emas luwih endah tinimbang tembaga utawa perak. Rerenggan kang kakehen abang njuwarehi, nanging ora ana rerenggan kaduk prada kang njuwarehi, malah sangsaya adi. Elinga pulasing wayang, upama wayang sakothak kaduk prada sangsaya bagus. Upama kaduk abang, genah yen ala, awit abang iku dhemenaning bocah cilik, wong tuwa ora arep. Balik warna kuning, kalangenaning wong luhur. Elinga kreta kencana, payung gilap, pasmen barbara, bludiran, gamelan, kabeh adi rupane, jalaran warnane kuning, mangkono uga barang rerenggan kang bagus, kang pating pancorong ana ing toko-toko lan ing omahe wong sugih, kayata : paidon, pateyan, wadhah kinang, wengku gambar, wengku pangilon, lampu bron, boman lan liya-liyane, kabeh kuning. Manungsa kang becik rupane iya kang kulit kuning, dudu wong kang abang. Kang kekulitane ora kuning, mangka bakal kanggo tontonan banjur ngaya aya golek atal, iya saking dene kepengin duwe awak kuning. Mula yen kuning pancen nyenengake. Cekake mangkene : warna putih pucet, warna abang gagah, nanging ora

adi, dadi njuwarehi. Dene kang ora pucet sarta ora njuwarehi malah mriyayeni yaiku kuning. Apa ora mangkono ?

Kupu wungu sumambung, warna kuning iku isih njuwarehi, wruhanamu kabeh, padha-padha warna kang mungguh dhewe, ngengreng dhewe lan ora njuwarehi dhewe iya iku wungu. Tandhane, babut babut abang ala, babut kuning ala, babut ijo kurang becik, nanging yen babut wungu, banget enggone semuwa lan ngengreng, luwih-luwih yen rinengga praboting omah kang pinulas sarwa wungu yaiku meja, kursi, bangku kang padha menges-menges pliture. Upama pulase abang utawa kuning tak kira kurang becik. Kembang cengger katone menges-menges sabab wungu, mangkono uga kembang ragaina. Klambi wungu ngengrenge ora jamak. Upama wungu iku ora piniliha, sabab apa wong mbabar jarit padha golek soga, mangka ora kurang kang kena digawe ngebang utawa nguningi. Apa ta sababe ? Sababe yaiku warna abang lan kuning iku gunane mung kanggo tontonan utawa sesongaran, ora pasaja lan semu kaya wungu. Ing ngendi-endiya barang kang pasaja lan semuwa ora tau mboseni, mulane padha pinilala, prelune dienggo saben dina. Tuladhane kang adhakan yaiku soga. Padha elinga kang sosongaran mesthi ora lana, kanggo-ne mung kala-kala, tur mung sawetara, kajaba kang pasaja lah iku kang lana, kanggo ing saben dina, seksine soga. Warna abang kuning candrane ladak, nanging yen wungu jinem nganggo guwaya, yaiku dadi sababe pasaja tur semuwa, tegese ora ladak nganggo ngengreng.

Kupu ijo cumlonong celathu. Tembunge : Padha menenga dhisik. Kowe kabeh padha ora sumurup marang karsane kang Maha Kawasa. enggone nitahake suket lan gegodhongan ginawe ijo. Iku becik pikiren sababe. Mara timbangen : upama sarupane gegodhongan kabeh putih, mbok manawa akeh mripat lamur. Upama becika wungu, teneh sarupane tetuwuhan tinakdirake wungu. Upama becika kuning, mesthi tinakdir kuning. Upama becika abang, mesthi tinitah abang. Kang iku padha sumurupa, mulane suket lan gegodhongan tinakdir ijo, sabab warna ijo iku kang becik dhewe, sarta ora mboseni dhewe. Sanyatane ora ana manungsa bosen marang warna ijo. Ing pakebonan, ing tegal, ing sawah-sawah, kabeh sarwa ijo, ewa samono ing sajrone omahe para tuwan ditanduri sadhang, pakis, pandhan, wregu, suruh lan liya-liyane, pating tremplek ana ing tembok, kongsi ketel kaya alas, pratandha saking kurang warege anggone nya-

wang wawarnan ijo, nanging aku ora maito, dhasar yen omah akeh ijone ana ing tembok utawa ing undhak-undhakan marakake singer. Sok uga kowe padha eling, prakara iku, mesthi ora gelem ngunggul-unggulake warna saliyane ijo. Samber lilen iku pinunjur ing rupa padha-padha gegremetan. Ules kang pinunjur mau kang kaduk iya ijo, abang kuninge mung sethithik. Upama kaduk abang utawa kuning mesthi ala. Balik kaduk ijo banget baguse. Manuk merak iya pinunjur ing rupa padha manuk, warna apa kang kaduk, iya ijo, abang wungune mung sawetara. Upama ijone mung sethithik mesthine ala. Rehne mangkono tetela kupu kang bagus dhewe iku kupu ijo.

Nuli kupu biru celathu mangkene : ujaring kupu ijo wis bener, nanging kurang pratitis. Awit isih ana maneh titahing Pangeran kang ngungkuli ijo, ora mboseni salawase lan luwih akeh anane, yaiku biru. Tandhane, udhara, langit, gunung, banyu segera, padha tinitah biru. Delengen kang bagus pancer mung ijo lan biru. Akeh wong seneng ngenggar-enggar marang papan kang sarwa asri, dene papan kang asri mau mulane asri sabab ijo lan biru. Ora ana wong siji-sijiya kang bosen ndeleng papan kang terang sumilak lan asri, yaiku kang katon langit biru, gununge biru lan tetuwuhane kang katon ijo lan biru. Laring samberlilen ijone kaworan biru, malah akeh birune katimbang ijone. Lar merak iya kaduk biru. Kehing warna biru kang ana ing alam donya yen ketimbang lan kehing warna ijo akeh birune babar pisan. Awit ijo iku mung dumunung ing dharatan. Nanging yen biru iya ing dharatan iya ing lautan, iya ing awang uwung. Ing awang uwung ora ana enggon salenging edom kang ora kisen biru, sumrambahe marang gunung-gunung kang katon saka kadohan. Yen wong nunggang kapal ana satengahing segara, kang katon prasasat ora ana maneh kajaba mung biru, ing ndhuwur biru, ngisor biru, lor kidul wetan kulon biru kabeh, kaya-kaya jagade dadi biru kabeh. Kang mangkono mau dadi tandha yen biru iku warna kang becik dhewe, katitik saka karsane Kang Maha Kawasa anggone nitahake warna biru dikehi tinimbang liyane.

Kupu ireng celathu mangkene, heh ki sanak padha sareha dhisik, mangsa anaa warna kang akehe ngungkuli ireng, mangsa anaa warna kang kamenangane kaya ireng, tur ora ana warna kang pasajane kaya ireng. Mangkene wijange, ora ana warna kang kehe ngungkuli ireng sabab yen ing wayah bengi alam donya ireng kabeh, ora susah diarani ing awang uwung, ing dharatan, ing lautan,

cukup diarani ora ana enggon kang ora ireng, banjur timbangen, akeh endi karo biru. Mulane dak arani ora ana kang menangan kaya ireng, awit sakehing wawarnan yen wis kapracondhang dening ireng ora ana kang kawawa nanggulangi. Sanajan bumi-langit yen wis katekan pepeteng kang warnane ireng, jagad kaya kinelem ing awang uwung kang ireng meles. Mulane dak arani ora ana pasaja kaya ireng, sabab wong manganggo kang pasaja tur semuwa iku aklambi ireng, celana ireng, sepatu ireng. Akeh gagah mangsa kaya ireng, akeh pasaja kaya ireng, dalah rambut lan brengos kang bregas iya kang ireng. Wayang kang gagah lan bagus uga kang raine ireng. Gambar gambar lan tulisan kang pasaja tur cetha iya kang ireng. Sarehne pasaja, mulane uga lana sarta kanggo ing saben dina, kaya ujare kupu wungu mau. Kang wungu sogane iya bener, nanging ireng ora kalah, yaiku wedelane.

Perkutut nglajengaken wicantenipun : Dongeng iku surasane mangkene :

Kang aran ala lan becik iku sajatine mung guman tung ana ing panganggeping ati. Apa kang lagi disenengi si ati, iku kang katon becik. Alane kalimput. Apa kang lagi diewani katone ala, becike kalimput. Wong kang watak korupan, sadhengaha kang lagi disenengi dhewe panyanane iku kang bagus dhewe.

Ana paribasan, wong dhemen ora kurang pangalembana, wong gething ora kurang pamada. Sarehne wis kinodrat dening Pangeran, manungsa padha dhemen marang awake, mulane ora ana manungsa kang jeleh ngalem awake.

= * =

II.

Peksi perkutut nglajengaken anggehipun ndongeng :

Ana sosotya putih, cahyane putih wenes maya-maya, jenenge sosotya manik maya, gumlethak cedhak lan palenggahane sang putri, calathu marang kupu-kupu, tembunge : „He kupu, satemene ulesmu kabeh bagus, kang putih, kang abang, kang kuning, kang wungu, kang ijo, kang biru apa dene kang ireng, ora ana kang ora bagus, kuciwane mung ora mawa cahya, upama padha mawa cahya, iba bagusmu, awit katoning warna saka dening cahya, sanajan abanga, ijoa, birua, yen tanpa cahya, iya cebleh. Sanajan putihka utawa abanga, yen mawa cahya dadi wenes. Mara waspadakna wujudku iki, ora liya mung putih, warna putih iku ora mbrenganggang lan ora menger-menger, nanging rehne mawa cahya, dadi putihku putih wenes maya-maya, iya aku iki kang karan sosotya manik maya. Ora mung sosotya bae, sanajan manungsa bagus rupane, karengga ing busana, yen tanpa cahya, ora ana kekuwunge, lan ora duwe prabawa, wekasan ora kineringan lan ora pinarcaya, dadi ora pinilala kanggo ing karya, jer ngegung-ake marang kabagusinan rupa kabungahaning ati, lan kamukten. Ora marsudi marang luhuring pramana. Sanajan manungsa ala rupane sarta kuru, manawa luhur budine, tumemen atine, kineringan lan pinilala, akeh wong wedi asih, jalaran katon ana ing cahyane kang wingit, lungit, ngengreng, yaiku soroting budine kang wening.

Irig kono ana sosotya abang, uga cedhak lan palenggahan, arane sosotya geni maya, mamerake cahyane kang abang abra mara kata kaya geni mawa.

Ana maneh sosotya kuning, mamerake kaendahane, yaiku cahyane kang kuning sumunar, arane sosotya mirah dalima.

Ana maneh sosotya wungu, nuduhake cahyane kang wungu menges, arane sosotya manik puspa raga.

Ana maneh sosotya ijo, mamerake cahyane kang ijo ngeunguwung, arane sosotya tinjo maya.

Ana maneh sosotya biru, mamerake cahyane kang biru tuyek, arane sosotya manik nila pakaja.

Ana maneh sosotya kang ireng, mamerake endahing cahyane kang ireng meles meleng-meleng, yaiku kang aran musthikaning bumi.

Kabeh padha endah ing rupa, ora ana kang kuciwa, kongsi sakehing kupu padha kucem. Mungguh sababe luwih endah sotyane katimbang kupune, awit kupu mung duwe warna thok, ora duwe cahya, balik sosotya duwe warna nganggo kasinungan cahya.

Ki sanak, dongeng iku surasane mangkene :

Kuciwa banget manungsa yen mung ngudi marang kabungahan, kamelikan, pakareman, kanikmatan, kamukten, kawibawan, luhuring piyangkuh sapanunggalane. Ora nganggo nggayuh marang padhang utawa kaweningan, yaiku ulah budi.

Warna putih, abang, kuning, wungu, ijo sapanunggalane iku dadi ibarat : rahsa, lire dadi ibarat wewatekaning manungsa, dene cahya ibarat padhanging budi.

= = * = =

Katrangane mangkene :

Cahya lan warna kang kasebut ing dongeng iki sajatine mung kanggo ngibaratake : cahya lan warna kagunganing dhat kang wujud, kang gumadhuh (kaparingake) ana ing manungsa.

Wujude cahya iku : budi. Awit budi iku wujud pepadhang kang sumorot saka gaib, madhangi (nyoroti) kabeh nyawa saka wiwitan nganti pungkasan.

Dene wujuding warna, yaiku : rahsa (hawane karan : nafsu), awit rahsa iku dayane mahanani sifating cahya warna-warna : putih, abang, kuning, ijo lan sapanunggalane.

Rahsa iku ya wujud nyawa, hawane marakake manungsa asring duwe rasa : bungah, susah, dhemen, gething, jahil drengki, kumingsun, gumen, getun, wedi, uwas, sumelang, welas asih, loma lan sapanunggalane.

Cekake marakake manungsa duwe wewatekan dhewe-dhewe, ala utawa becik (ing basa Jawa lumrahe mung karan : pangrasa utawa ati).

Hawaning rahsa kang sumebar jenenge nafsu, iku kena kaupamakake kukus awit nafsu iku dayane memetengi utawa gawe buthekcing cahya.

Sireping nafsu utawa rahsa : manawa mligi nglumpuk ana ing Rasa (Rasul) sipate ora putih, ora abang, ora ijo, lan sapanunggalane, lire : ora bungah, susah, kepengin, dhemen, gething, lara, lan sapiturute, mung : tentrem (terange maneh manawa wis maca ing mburi).

III.

Peksi perkutut nglajengaken anggening ndongeng :

Nalika samana ana barleyan, celathu marang sakehing sotya : 'Heh sakehing mirah, ing samengko kowe wis padha sumurup yen moncoling rupa saka dayaning cahya, tegese : warna abang ijo tanpa gawe yen ora kanthi cahya, awit yen tanpa cahya kucem. Sanajan tanpa warna yen sinung cahya ora bisa kasilep, awit cahya iku sumorot, tumama ing pandulu. Tetela cahya iku nyawaning rupa. Tandhane si manikmaya, warnane mung putih, ewa dene rehne mawa cahya, padha diupaya ing manungsa sarta diajeni. Luwih-luwih si-geniyara, mirah dlima sapanunggalane, dhasar duwe warna nganggo kasinungan cahya.

Lah ing saiki kajaba saka kang rinembug iku mau, aku arep takon marang sakehing mirah padha timbangen. Pitakonku mangkene : pilih endi duwe warna kanthi cahya sedheng katimbang ora duwe warna, mung cahya thok, nanging cahyane ngungkuli sakeheing kang duwe warna ? Apa milih duwe warna kanthi cahya sedheng, apa milih tanpa warna nanging mawa cahya linuwih ?

Sakehing mirah durung ana kang bisa mangsuli. Barleyan celathu maneh, yen aku milih tanpa warna, sok uga kasinungan cahya linuwih. Mulane aku ora pati mikir marang warna, mung mburu cahya. Awit sanajan tanpa warna yen kasinungan cahya linuwih, cahya kang linuwih iku bisa mujudake warna kang manca warna dening beninge. Mara aku delengen, aku iki rak ora duwe warna kaya mirah, ora abang, ora kuning, ora ijo, ora biru, ora ireng, ora putih, nanging sarehne urubing cahyaku ngungkuli sakehing mirah, sanadyan ta tanpa warna iya bisa abang, iya bisa kuning, bisa ijo, sapiturute. Yen aku pinuju abang ora kalah karo geniyara, yen aku pinuju kuning ora kalah karo mirah delima, yen aku pinuju wungu, ora kalah karo pusparaga, sabanjure ora kalah karo sakehing mirah. Dadi prasasat ngemot marang sawaraning mirah. Apa sababe aku bisa mangkono sabab ora liya tanpa warna, pinunjul ing cahya.

Upama cahyaku linuwih nanging isih kanggonan warna, uga ora bisa mengku marang sakehing warna. Sanajan tanpa warna yen ora linuwih cahyaku iya ora bisa ngemot sakehing warna. Dadi keterangan rupa kang becik dhewe, yaiku : kang tanpa warna

sarta pinunjul ing cahya. Awit iku kang urip sarta mengku marang sakehing warna.

Dongeng iku surasane mangkene :

Manungsa iku bisane momot, durung cukup yén mung lepas ing budi lan elingan. Nanging kudu : ora duwe watak. Ora duwe watak, lire : ora ngukuhi marang wewatekane atine, kayata : dhemen marang iku, gething marang iki, dhemen marang bungah, ngresula yen susah, dhemen marang becik, gething marang ala. Ringkese : Duwe pakareman sajroning ati kang ora kena diowahi, sarta duwe gegething.

Cahya iku, ibarate : budi. Warna, ibarat : rahsa. Barleyan iku, ibarat : luwih padhang budine, nanging ora kumingsun, bisa ngeluk kekarepane, ora pilih kasih utawa bau kapine. Titikane wong kang mangkono : wingit cahyane. Ora galak ulat, aliya mung tajem, sarta sarwa prasaja.

Manungsa kang mangkono, kena pinilih dadi tetuwa, bisa momot marang wateke wong kang beda-beda, dening ora duwe watak dhewe.

Sosotya senajan mencoronga kaya geni, yen isih duwe warna dhewe, ora bisa mengku marang sakabehing warna, marga cahyane kereh marang warnane, beda lan barleyan, cahyane kang ngereh marang warnane.

= = * = =

IV.

Peksi perkutut nglajengaken anggenipun ndongeng :

Sakehing mirah padha rumasa asor bareng katandhing lan barleyan. Luwih-luwih kupu. Wasana padha sayuk ing rembug, arep ngratu marang barleyan, awit barleyan kang pinunjul ing rupa.

Barleyan bareng arep dijunjung dadi ratu apratela mangkene : olehmu padha arep njunjung ratu marang aku sabab aku pinunjul ing cahya sarta tanpa warna. Pinunjuling cahyaku ndadekake uriping rupaku. Ora duweku warna kang marakake nge-mot sakehing warna. Iku dhasar bener, nanging aku iki sabenere durung sampurna, isih ana maneh wujud saliyane aku kang pi-nunjul ing cahyane ngungkuli aku, sarta enggone bisa ngemot marang warna sampurnane ngungkuli aku. Iku bae padha dijun-jung dadi ratu, awit cahyane tikel ping sewu tinimbang cahyaku, yen mencorong padha karo srengenge, balik aku mung kelip-kelip. Dene enggone ngemot warna, cethane tikel sewu tinimbang aku, awit aku mung mengku warna nanging kang bakal dak kan-dhakake marang kowe, mengku warna dalah rupane pisan. Lire ora mung bisa abang ijo, uga bisa manca warna kaya kupu, kaya mirah, kaya barleyan, kaya watu, kaya jaran, kaya uwong, kaya srengenge, cekake bisa kaya sarupane kawujudan ing alam donya, dhasar bisa maujud kaya jagad gumelar katon bumi langit saisen-isene. Yen wis kaya watu jibles watu. Yen wis kaya jaran, nyam-leng lan jaran. Yen wis kaya srengenge, babar pisan ora beda lan srengenge, kongsi ora ana manungsa kang bisa nembungake kapri-ye rupane kang sabenere. Kang mangkono mau jalarane iya mung rong prakara thok.

Sepisan : saka bangeting pinunjuling cahyane.

Pindho : saking ora duwe warna babar pisan.

Apa kowe wis weruh jenenge wujud kang kaya mangkono mau ?

Yaiku kang aran : Kaca benggala gedhe.

Sakehing sosotya lan kupu padha gawok. Sarta banjur kepengin sumurup kaya apa rupane kaca benggala.

Ana watu kang kepengin bisa nembungake kapriye rupane kaca benggala, takon marang barleyan tembunge : Wujude kaca benggala iku kaya apa. Apa pancen kaya sarupane kawujudan,

apa beda karo sarupaning kawujudan. Yen ora padha lan ora beda karo sakehing kawujudan apa kena diarani bening kaya banyu ?

Barleyan mangsuli, yen diaranana kaya sarupane kawujudan iya bener, nanging ora pratitis. Mula bener disebut mangkono awit kaca benggala iku pancen bisa kaya watu, bisa kaya kupu, bisa kaya barleyan lan sapiturute. Dene ora pratitise tembung mangkono, awit kena diarani beda uga karo sarupane kawujudan. Bedane mangkene : watu iku buthek, nanging kaca benggala ora buthek. Watu mrongkol sarta ala, nanging kaca benggala ora tahu diarani mrongkol sarta ala. Mirah dlima kuning sarta cilik, nanging kaca benggala ora kuning sarta ora cilik. Areng iku ireng, kaca benggala ora ireng. Cekake yen sakehing rurupan dibedakake karo kaca benggala, kabeh iya beda karo kaca benggala. Rehne mangkono, kaya kaya kena disebut beda karo sarupane kawujudan. Ewa dene ora kena dikukumi mangkono, awit ing ngarep diarani : **kaya sarupaning kawujudan.** Kajaba yen disebut : bening, lah iku, bok manawa bener, parandene meksa ora pratitis, awit bening mono benere kaya banyu kang ana ing gelas. Banyu iya bener bening, nanging banyu iku bening suwung, beda lan beninge kaca benggala : bening kang mengku rurupan, sabab cahyane geuletan karo rasa, iya rasa iku kang tanpa warna, nanging ora suwung. **Si cahya dadi cahyane rasa, si rasa dadi wadhabing cahya.**

Mulane karanan tanpa warna tanpa rupa, awit upama digoleki warna rupane, sanajan diubresa, ora ketemu ketemu.

Kang mangkono iku sok katembungake : suwung amengku ana. Utawa : ora ala ora bagus, nanging mengku ala lan bagus. Iya embuh jenenge rupa kang mangkono iku. Prayogane ayo padha dinyatakake.

Sakehing sosotya kupu apa dene watu, banjur padha mara menyang panggonane kaca benggala gedhe.

Kang seba dhisik watu. Tembunge watu marang kaca benggala : He sang kaca benggala ageng, sowan kula badhe ngratu ing tuwan, awit tuwan ingkang pinunjul ing warni sajagad. Nanging kalilana kula ningali sarira tuwan rumiyin.

Kaca benggala mangsuli : Iya becik mreneya ndeleng rupaku. Rupaku kaya rupamu.

Watu bareng teka ing ngarepe kaca benggala banget ngungune

dene rupane kaca benggala jibles watu. Ora ana bedane sathithik-thithika karo watu, nuli pamit mundur.

Ora suwe kupu padha ndeleng rupane kaca benggala genti-genti. Kabeh padha ngungun awit rupane kaca benggala mung kaya kupu bae, mangkono uga sosotya, weruh rupane kaca benggala kaya sosotya. Watu lan areng ndeleng kaca benggala, katone iya kaya watu lan areng.

Anuli kabeh padha bali ing panggonane maune.

Kupu-kupu padha rerasan mangkene : wartane kaca benggala iku pinunjul ing rupa, jebul nyatane mung kaya kupu bae, ora duwe cahya kaya mirah, isih becik mirahe. Luwih-luwih yen katan-dhing karo barleyan, bagus barleyane pisan-pisan, awit kaca benggala ora duwe cahya, ora bisa kelip-kelip.

Watu lan areng celathu mengkene : Kaca benggala rupane buthek lan ireng kaya rupaku. Sarehne rupaku elek mangka kaca benggala ceples kaya aku, dadi kaca benggala ya elek.

Barleyan mituturi marang kupu, areng lan watu : Kowe padha sumurupa ki sanak, kaca benggala iku sanadyan pinunjul ing rupa, ora gelem mamerake rupane, ora gelem nandhing awake karo awake liyan, kaya si kupu enggone unkul-ungkul-an, padha golek ketongan dhewe-dhewe kanggo ngalem awake. Wus jamake, sadhengah kang durung sampurna karepe padha papandhingan dhiri, nanging kang sampurna ora mangkono.

Si kupu putih mamerake putihe, kang abang nyandra abange, mirah ijo mamerake ijone, barleyan iya mamerake kelipe, dasan watu iya pamer, yaiku mamerake eleke. Ala becika yen dipamerake, iya jeneng pamer. Iku kabeh jalaran durung sampurna ing rupa. Kang akeh emoh diarani ala, njaluk diarani becik, nanging kaca benggala ora njaluk diarani becik, lan uga ora duwe penjaluk diaranana ala kaya watu lan areng. Kaca benggala gelem diarani sakarepe kang ngarani. Gelem diarani ala kaya watu lan areng, nanging diarani kelip-kelip kaya barleyan iya ora nampik, malah yen ana prelune gelem diarani kaya srengenge. Nanging aja padha keliru tampa, mungguh geleme diarani ala, ora jalaran saka panjaluwe utawa saka pangarep-arepe, sarta geleme diarani bagus ora jalaran saka pamere utawa doyan marang pangalembana. Dadi geleme mau jalaran saka legawa lan mengku marang sakehing rupa. Lah saiki watu lan areng padha sumurup dhewe, yen katone buthek kang ana ing kaca benggala iku ora jalaran saka

butheking kaca benggala, satemene saking bangeting beninge. Katone ireng kaya areng iya ora sabab saka irenge, malah saking beninge kang ora kinira-kira, kongsi areng lan watu ora duwé pangira. Pikiren ta upama butheka teneh mung buthek thok-thok, ora bisa mengku rerupan.

Kupu, areng lan watu bareng ngrungu pratelaning barleyan padha rumangsa kejlomprong, wekasan percaya yen buthek kang katon ing kaca benggala iku butheke dhewe, dudu butheking kaca benggala, satemene malah saking beninging kaca benggala, awit kaca benggala uga bisa katon pating kerlip kaya barleyan, bisa ijo kaya tinjo maya.

Ki sanak dongeng iku dadi pralampita :

Kahananing kaca benggala iku ibarat wataking manungsa kang wis sampurna, yaiku manungsa kang wis ora korup marang dhiri (ora korup marang wujude kang mukmin). Manungsa kang mangkono : lali marang dhiri, tegese : ora pisan duwe niyat ngatonake dhiri, gedhene papandhingan dhiri. Ujub, riya, sumengah, takabur, bidngah, sapanunggalane wis ora duwe. Mungguh sababe mangkono mau awit budine keliwat padhange, sarta sirep napsune, kahananing dhirine ora rinasak-rasakake, ndadekake bisane amot marang sawarnaning wewatekan, wasana uripe mung ngangkan kaslame tanah akeh, sarta tanah gawe kepenaking atine sa-padha-padha.

Wong kang mangkono suka rila diarani asor, ewadene ora nampik diarani luhur, sarta sukarilane ora dipamerake. Ora duwe pakareman sajroning atine, satemah ora ilon-ilonen, ora dhemen marang kang becik lan kang bener kanthi gething marang kang ala lan luput. Ora dhemen marang kang ala lan luput, kanthi gething marang kang becik lan bener.

Manungsa sanajan pinunjula, yen isih dhemen papandhingan dhiri, utawa duwe pakareman sajrone ati sarta duwe gegethingan, iya durung sampurna, cahyane isih kaereh ing napsune, lire : isih teluk marang watake dhewe (rahsane).

Ana sawenehing manungsa ora njaluk diarani becik, nanging njaluk diarani ala, wong mangkono iku uga isih dumunung wong ngatonake becike watake, dadi isih korup marang dhiri. Rehne mangkono, upama diarani becik, kang mesthi ngresula.

Ana manungsa gelem diarani sakarepe kang ngarani, diarani

becik utawa ala gelem. Nanging geleme mau dipamerake Wong mangkono iku uga durung resik, isih duwe penjaluk utawa pangarep kang bangsa pangalembana. Rehning mangkono, upama diarani : ora gelem, kang mesthi ngresula.

三三 * 三三

Peksi perkutut nglajengaken dongengipun :

Ing nalika samana ana blebekan wesi, wangune pesagi, warna-ne ireng, durung tahu sumurup rupane kaca benggala, ngrungu ujare barleyan prakara kaca benggala ngemot sakehing rupa. Jalaran saka momote marang ala lan becik, banjur katetepake sampurna ing rupa. Bareng wesi blebekan ngrungu ujaring barleyan mangkono, pamikire wesi blebekan mangkene : Sok mangkona kang aran rupa sampurna iku kang bisa ala lan bisa becik. Kaya kaca benggala enggone bisa buthek kaya watu lan kelip-kelip kaya barleyan, bisa putih kaya mori lan bisa ireng kaya areng, ora mung becik thok. Yen mangkono, sadhengaha wujud kang bisane mung becik, ora bisa becik karo ala, iya durung sampurna becike. Kaya upamane barleyan. Iya bener bisa kelip-kelip lan mawa cahya manca warna, nanging sarehne ora bisa ala kaya watu, lan ora bisa ireng kaya areng, iya durung sampurna kaya kaca benggala, jer kabisane mung saprakara, mung becik thok. Layake sa-najan tumrap manungsa iya mangkono, sing sapa mtung dhemen marang becik, nampik marang ala, ora bakal bisa sampurna, awit mung dhemen marang becike bae, mangka kang jeneng sampurna mangkono mengku marang becik karo ala, dhasar anane becik marga ana ala. Sarehne padha prelune, dadi kudu diudi kabeh, cewet yen mung salah siji.

Ah, saiki aku sumurup wewatone, kang aran sampurna iku pepak, ana becike lan ana alane. Sarehning aku diwenangake nggayuh kasampuman, dadi aku kudu nggayuh bisaku ngemot ala lan becik, aja mung becik bae.

Enggonku arep nyampurnakake rupaku mangkene : awakku saperangan dak gosok kanggilap, sukur bisa kaya barleyan. Kang saperangan dak gosok nganggo mirah, saperangane maneh dak gosok nganggo areng, iku kang minangka alane, aja kongsi becik thok. Saperangan maneh dak gosok nganggo watu kambang supaya buthek awit kang aran sampurna iku ora nampik marang buthek, beninga butheka arep. Mengko yen wis pepak enggonku golek wewarnan tumempel ing awaku, ora kena ora aku mesthi kaya kaca benggala.

Barleyan weruh yen wesi blebekan kupur, mulane dipituturi mangkene : O wesi blebekan, kowe nggayuh kasampurnan wis

dadi wewenangmu, mung dalane bae dibener aja kongsi kliru. Wruhanamu, sanadyan kasampurnan iku mengku ala lan becik, nanging dalan kang marang kasampurnan iku dudu becik diwori ala, kudu becik thok. Tegese aja pisan-pisan ketrocoban ati ala. Dadi yen awakmu kok gosok murih mencoronge, aja banjur kok gosok maneh karo areng, banjurna bae panggosokmu, sing tlaten, aja kemba-kemba, mung rupa sawiji kang kudu kok udi, yaiku : gilap, ora susah ngudi marang abang, ijo, ireng sapanunggalane. Lan ora susah ngudi bisamu kaya watu, kupu, jaran lan liya-liyane.

Kang iku manawa lestari panggosokmu, mesthi awakmu saya banget gilape, sangsaya gilap sangsaya gilar-gilar, wasanane kena digawe ngilò, dene yen wis kaya pangilon, sarta irengmu wis ilang, tartamtu bisa kaya kupu, bisa kaya mirah, bisa kaya watu lan bisa mencorong kaya strengenge.

Mungguh bangeting mencorongmu gumantung marang bangeting gilapmu, dene bisamu mengku' marang warna gumantung sirnane watakmu kang ireng. Lan maneh kowe aja keliru tampa, tembung mengku ala iku ora ateges duwe ala. Duwe ala mengkono ketempelan ala nanging yen mengku ala, ora ketempelan ala. Mengku ala satemene kalis karo ala, kaya kaca benggala enggone kalis karo ireng.

Dongeng iku dadi pasemon :

Kang bisa momot marang ala lan becik iku sajatine mung wong kang sampurna, yaiku wong kang padhang sarta wis kalis karo ala. Yen durung sampurna utawa durung kalis karo ala, wis mesthi ora bisa, gampang keplesede, mulane wajibe wong nggayuh kasampurnan mung kudu eling panggawe becik, ora kena nyleweng eling panggawe ala, aja dumeh ala becik kagunganing Pangeran. Sanajan kasampurnan iku mengku ala lan becik, nanging dalane mung becik thok-thok, ora kena diwori ala.

= = * = =

Peksi derkuku manah-manah, wasana wicanten : Perkutut sababe kupu luwih bagus ketimbang watu jalanan kupu duwe warna kang pinunjul ngluwih iku dhasar nyata. Jalanan saka iku aku nemu wewaton, yen kebagusaning rupa iku gumantung ing warna, sangsaya pinunjul warnane, sangsaya bagus. Sangsaya kurang warnane, sangsaya ala. Sawise aku nemu wewaton mangkono, banjur mikir kang dadi sebabé mirah luwih bagus ketimbang kupu. Sababe yaiku : mirah kasinungan cahya, balik kupu ora. Kang mangkono iku marakake aku oleh wewaton maneh : kebagusaning rupa iku ora mung gumantung ing warnane bae, uga gumantung ing cahya. Cekake : kebagusan iku gumantung ing rong prakara : warna lan cahya. Sarehne wis tetela wewatone yen kabagusaning rupa gumantung ing pinunjuling cahya lan endahing warna, lan sababe apa barleyan teka dadi luwih bagus tinimbang mirah, dupeh barleyan ora duwe warna. Wong ing ngarep wis katetepake yen kang marakake bagus iku cahya karo warna, teka barleyan dadi luwih bagus ketimbang mirah dupeh barleyan tanpa warna iku kepriye ? Apa wewatonku kang loput ?

Wangsulanipun perkutut : Ki sanak, wewatonmut netepake kebagusan gumantung ing cahya lan warna iku ora loput. Malah prakara kang nyebabake barleyan luwih bagus saka mirah iku netepake benere wewatonimu. Apa ki sanak lali, mulane barleyan luwih bagus saka mirah, awit barleyan sugih warna, yaiku enggone bisa malih abang, kuning, ijo, biru, wungu sapiturute. Sarehne wewatone kebagusan gumantung ing cahya lan warna, mangka barleyan pinunjul ing cahyane lan akeh warnane, dadi ora kena ora barleyan luwih bagus tinimbang mirah. Mungguh sababe cahya kang tanpa warna katetepake bagus ngungkuli cahya kang mawa warna, awit kang bisa ngemot wewarnan kang beda-beda iku ora ana maneh kajaba mung cahya kang kothong (tanpa warna) yaiku ibarat manungsa kang atine kothong (tanpa nafsu), tegese : suci, rila, lega, legawa. Dayaning urip kang nguripi napsu malih nguripi budi, budine dadi padhang wening, katon cahyane wingit, singit, ngengreng. Mulane wong kang atine kothong katetepake luwih sampuma-katimbang kang isi rahsa, awit bebuden kang bisa amot wewatekan warna warna iku, ora ana maneh kajaba mung bebuden kang kothong (resik). Wong mangkono iku uga-bisa napsu kepengin, dhemen, welas, gething sapanunggalane.

Nanging ora marga saka watake (pangajaking rahsa) jalaran saka digawe ing kala mangsa yen ana perlune kang banget, kanggo piranti. Yen wis cukup perlune kasirnakake, kabeh miturut pituduh lan pakartine budi, jer kabeh kawengku lan kaereh ing budi, ora beda karo barleyan bisa abang, ijo, kuning lan biru, sarta bisa nyirmakake warnane, awit warnane kawengku lan kaereh ing cahyane. Iya barleyan iku ibarat manungsa kang wis bisa ngereh mangrang pancadriya, dening ora kalah karo pancadriya.

= = * = =

VI.

Wicantenipun derkuku :

Iya, bener kowe. Rehne mangkono, tetela wujud kang sampauna baguse iya kang cahyane nelahi, nartani, banget beninge, sarta kang tanpa warna babar pisan. Manawa aku ngupaya wujud kang kaya mangkono, iya dhasar ora ana maneh kajaba mung kaca benggala gedhe. Awit ambaning raene kang mawa cahya tikel pirang-pirang atus ketimbang lan raene barleyan, kongsi bisa kaya srengenge, barleyan mung kaya lintang. Manawa aku ngupamakake ana barleyan kang gedhene sagajah kang raene rata, dak kira rupane banjur kaya kaca benggala, ora-orane bakal ngungkuli kaca benggala. Gilaping raene barleyan manawa ketandhing kaca benggala isih gilap kaca benggala, awit gilaping kaca benggala wis katog, ora kena diundhaki maneh, tandha yektine bisa katon suwung babar pisan. Kang iku, perkutut, apa mulane dene ora ana manungsa kang ngarani kaca benggala luwih endah tinimbang sesotya ? Ora ana manungsa kang nandhingi rupane kaca benggala lan wujud liyane, ora ana manungsa kang ngucapake cahyaning kaca benggala ngungkuli sesotya ? Kabeh manungsa teka mung padha ngelem marang cahyaning emas, inten, barleyan, mutiara lan sapanunggalane, mangka kabeh iku durung paja-paja yen ketandhinga lan cahyaning kaca benggala, apa maneh bab bisane mengku marang sakehing warna rupa. Ing alam ndonya tak duga ora ana wujud kang bisa mangkono liyane kaca benggala.

Wangsulanipun perkutut : Ki sanak, dhasar kang tak karepane satemene iya pitakonmu kang mangkono iku, ora liwat muga ndadekna panggraita lan pisurupmu : Pathokane kang aran sampauna iku ora njaluk tetandhingan, ora nuduhake ala beciking kahanane, nganti kang ora dhenger ngira yen suwung, sajatine si suwung kang mengku marang kahanane sakeh dhiri, iya kang mengku marang kang nganggep suwung.*)

Tetepe kaca benggala enggone ora mitongtonake endahing rupane lan beninging cahyane, kongsi areng lan watu padha praya yen rupane kaca benggala mung ireng kaya areng lan buthek kaya watu.

*) liripun : gaib = suwung niengku sadaya kawontenan ingkang gumelar.

Iku dadi pepindhaning manungsa kang wis sampurna, lali marang dhiri (ora korup marang wujude kang mumkin) aliya mung ngengkoki pribadi kang tunggal kang tanpa warna tanpa rupa, nanging sakehing warna lan rupa, iya sipate. Iya kang ora arah, ora enggon, nanging jumeneng ing tengahing arah, sakehing enggon kaenggonan.

Manungsa kang sampurna ora ngatonake kaananing dhirine, ketandhing lan kaananing dhiri liyane. Kahananing sakehing dhiri kabeh, rinasa sipating pribadine. Rehne ala lan beciking dhirine pinendhem, dadi mung ngatonake kahananing dhiri liya, kaangep padha lan dhirine, kabeh rinasa sipate pribadi. Enggone nyurupi kahananing sawiji-wiji mau bener sarta ora kanthi rahsa. Apa tegese bener, yaiku : tetes karo nyatane. Apa tegese ora kanthi rahsa, yaiku : ora dhemen ora gething marang ala becik, bener luput. 1)

= = * = =

Katrangan :

Gumelaring alam saisine kabeh, iku sajatine dudu kahanan jati, mung ayang-ayangane bae. Dene sababe kahanan jati katon ayang-ayangane, awit kagungan pangilon, wujude yaiku : PRAMANA, kang gumaduh ing manungsa.

Mula pramana kaumpamakake pangilon (miratul khajai = kacawirangi), awit kädadeyan saka CAHYA lan RASA kang gunane kanggo nonton sipating kahanan jati (goroh temening ayang-ayangan gumantung ing pangilon),

Manawa cahya iku mligi ora kaworan kukus, sipating kahanan jati katon cetha. Manawa kaworan kukus katon bureng, remeng-remeng utawa peteng.

Cahya kang kaworan cahya abang, kuning, ijo lan sapanunggalane durung kena kanggo nonton sipat kang sejati, marga isih goroh.

Tuladhane cahya kaworan warna (budi kalimput ing rahsa), upamane wong ngalem sarta nacad, sanajan cocog karo nyatane, meksa durung kena kaaranan : sabenere, marga kalimput ing dhemen utawa ewa (wong ngalem legine gula, beda karo ngarani legine gula).

Kabeh käng jeneng ngalem, lumrahe ora karan sabenere, awit padhang-ing budi kalimput ing sulaking rahsa.

Mangkono uga wong pratela utawa ngrasakake prakara kang ala utawa luput, sanajan cocog karo nyatane, mahawa kalimput ing ati ewa utawa gething, durung kena karan sabenere, awit isih jeneng : nacad.

Sulaking rahsa kang gumaduh ing manungsa, uga katon, yaiku : kang diarani ulat (pasemon). Terange prakara iki kababar ing mburi.

VII.

Peksi derkuku wicanten dhateng perkutut makaten :

Pitakonku patang bab wangslana kang tetela; supaya gamblang sesurupanku.

1. Mulane barang kang mawa cahya lan warna kok upamakake manungsa, sabab manungsa kasinungan cahya lan warna, kagungane Dat kang Sejati, iku aku tuduhna, endi wujude kang aran cahya, endi wujude kang jeneng warna ?

2. Kang kok upamakake cahya iku budi, kang kok upamakake warna yaiku : rahsa. Iku aku tuduhna, kang aran budi iku kang endi, kang aran rahsa iku endi?

3. Kepriye manungsa bisane padhang cahyane sarta sirna kukuse ? Kepriye patrape nyirnakake kukus apa dene warna abang, ireng sapanunggalane ?

4. Kang aran pramana, kang kok upamakake kaca iku endi wujude, lan kang ngilo endi wujude ?

Peksi perkutut mratelakaken makaten :

1. BAB RAHSA.

Ki sanak, mripating manungsa kang isih kasar ora weruh marang wujuding rahsa, nanging manungsa saben dina tansah ngrasakake dayane, lire mangkene :

Manungsa iku sok krasa : Panas, adhem, lara, kepenak, perih, keju, jeleh, risi, pegel, ewuh, ngeres, seneb, kaku, lega, kaget sapanunggalane. Iku kabeh dayaning rahsa.

Panas iku ana warna loro, panašing badan wadhag lan panasing ati. (Panase badan tambane disiram banyu, nanging panasing ati tambane dudu disiram banyu).

Ati luwihi alus saka badan. Kaya kaya badan wadhag lan ati iku awor dadi siji, nunggal saenggon, nanging sateméne seja alame, seja jamane. Mangkono uga : adhem, lara, kepenak, perih, keju, jeleh, risi, pegel, ewuh, ngeres, seneb, kaku, lega, kaget lan sapiturute. Siji lan sijine ana kang tumrap badan ana kang tumrap ati.

Uga ana rasa ati kang ora nunggal jeneng lan rasa badan, kayaata : bungah, susah, dhemen, gething, gumun, getun, ngungun,

isin, sengsem, jiji, jinja, gugup, wedi, gila, sumelang, moyar, giris, sedhih, ngenes, drengki, kumingsun, epeh, murka, welas, melik, kepencut, serik, murina, mesgul, cuwa, gela, bingar, bombong, adreng, keranta, trenyuh lan sapanunggalane, iku kabeh mung tumrap ati. Mungguh tuwuh lan krasane saka jeroning dhadha. (Coba rasakna ki sanak).

Kang tumrap badan dalah kang tumrap ati mau murih ring-kese karepku mung tak arani : **rahsa bae**.

Rahsa iku sejatine wujud geter (obah-obahan) terkadhang uga bisa meneng (ngumpul-mligi). Manawa mligi utawa meneng, mulih pulih marang rasa. Rasa iku kang tansah meneng, yaiku wadhahing rahsa kang meréku sakehing rahsa. Bedane **rasa** karo **rahsa**, yen rasa meneng, balik rahsa kedher utawa sumebar. Samono uga saben rahsa mesthi wis kanthi rasa. Dadi rasa kena kaupamakake badane, rahsa minangka tangane. Rasá upama deleg, rahsa minangka pang-pange.¹⁾

Rasa iku tembunge Arab Rasul, iku tanpa warna, dene kang mahanani warna iku beda-bedaning rahsa. Wong kang wus was-pada, bisa weruh sulaking warna kang dumunung ing wong liya. Wong kang pinuju nepsu, sulaking raha-sane beda karo yen pinuju welas, beda yen pinuju susah, beda maneh karo yen pinuju isin, sapiturute. Upama wong duwe dhasar angkuh sarta brangasan, tansah kaduk abang. Wong kang duwe watek cethil sarta epeh, sanajan molah-maliha tansah kaduk abang ireng. Wong kang dhasare culika, tansah kaduk ijo buthek. Wong kang dhasar welasan, tansah kaduk putih, mangkono sapiturute.

Manawa wong bisa nyirnakake kukus ing kala mangsa, bisa weruh warnaning napsu utawa raha-sane dhewe, yaiku wong kang ngeningake cipta utawa semadi, yen wis ening bisa weruh war-nane dhewe. Manawa napsune wis sirep babar pisan sarta angen-angene wis meneng temenan, bisa weruh warnaning atine, marga pepadhangue wis mligi pulih ana ing budi.

-
- 1). Deleg dalah pang-pange kagarba jeneng : wit. Deleg ora tau obah, mung kerep diarani obah, kagawa saka obahe pang-pange manawa katerak angin. Kayata, tembung : peteng budine, ala atine, iku sajatine kang peteng angen-angene, kang ala napsune (salah kaprah. Awit benere : budi ora nate peteng, ati ora tau ala).

2. BAB BUDI.

Budi iku wujud pepadhang kang madhangi engetaning manungsa, tegese : soroting budi nyoroti rohing manungsa, banjur mujudake pepadhang tundhan, dumunung ing angen-angen (pikir). Padhanging pikir kena kaupamakake padhanging rembulan, padhanging budi kang minangka srengenge (cahyaning rembulan sate-mene iku cahyane srengenge).

Mripating manungsa ora weruh marang wujuding budi, nanging manungsa ngrasakake dayane, yaiku : padhang.

Ewa dene wong kang waspada uga weruh marang sorote budi kang dumunung ing wong liyane, yaiku : kang katon gumilang tanpa wayangan, kang mratandhani wong mau terang budine.

Wong kang wening budine sarta anteng (lerem rahsane) yen dipramanakake kaya barleyan, wong kang padhang budine nanging isih kandel rahsane, katon kaya mirah. Wong kang peteng engetané sarta kandel napsune, cahyane kucem, mung katon warnane bae, iku kang dak ibaratake elaring kupu.

Dadi bedane rahsa karo budi iku yen rahsa kanggo ngrasakake enak lan ora enak (nandhang lan ngrasakake nikmat), nanging yen budi mung eling, waskitha, pranawa, mangerti. Budi ora melu bungah susah, dhemen gething sapanunggalane. Mung tuduh marang beier.

VIII.

Sakendeling wicantenipun perkutut, derkuku manah-manah, nanging semunipun dereng patos nampi dhateng ingkang kaginem ing perkutut. Perkutut boten kesamaran, pramila lajeng apratela malih kados ing ngandhap punika.

Ki sanak, kabeh wong padha bisa ngrasakake bedaning angengan lan rahsa, mung bae ora bisa mratelakake, **kepriye bedane**. Uga ora sumurup yen dheweke iku satemene bisa ngrasakake. Aja sing wong tuwa, sanajan bocah kang bodho banget uga bisa ngrasakake bedane. 1)

Wong mbedakake budi karo rahsa iku padhane wong mbedakake **cahya karo warna**. Ki sanak mesti bisa mbedakake : cahya karo warna. Rak iya ta ? Kang jeneng cahya iku **pepadhang** (cahyane srengenge, tegese : padhange srengenge). Bali kang jeneng warna dudu pepadhang. Warna iku **kang dipadhangi** cahya. Lire mangkeñe, kang aran abang, ijo, kuning sapanunggalane iku **bisanne katon** yen abang, ijo utawa kuning yen dipadhangi dening cahya. (Yen ora ana cahya rak ora ana katon ijo, abang, sanajan ta ana warna). Mangkono uga cahya, ora bisa abang, ijo utawa kuning yen ora kanthi warna. (Yen ora ana warna rak ora ana abang, ijo sanajan ana cahya). Barang loro wis dadi siji guguletan, ora kena dipisah. Nanging sanajan ora kena dipisah, ki sanak rak ya sumurup dhewe yen cahya iku dudu warna, warna dudu cahya, ora kena dipadhakake, malah bedane luwih dening gedhe.

Bab bedaning cahya karo warna apa dene bab ora kenane dipisah, iku jibles bab bedane budi karo rahsa. Uga bab ora kenane dipisah. (Mulane bedaning budi karo rahsa nyamleng padha karo bedaning cahya lan warna, awit budi iku iya pepadhang, pepadhangin urip). Rahsa iku warna (warana)-ning urip.

Wijange mangkene : budi iku kang dadi tukang eling, tukang sumurup marang bener lan luput, tukang madhangi sakehing

1). Pramila mboten saged mratelakaaken sarta mboten sumerep bilih piyambakipun saged ngraosaken, awit pirantos ingkang kangi mratelakaaken sarta kangi sumerep punika : angen-angen (pikir), dene angen-angen punika mboten padhang.

Pramila lare ingkang bodho sanget saged ngraosaken bedanipun awit sadaya manungsa, bodho pintera, sami kadunungan raos, raos punika saka langkung alus.

nyawa, tanpa warna, mung "padhang wening ora kira-kira. Dene kang aran rahsa iku tukang ngrasakake enak lan kopenak sarta nandhang susah utawa ora kepenak. Manungsa **bisane sumurup** marang kang aran bungah susah sapanunggalane sabab kadunungan budi, (yen ora ana budi rak ora sumurup apa-apa sanajan ana rahsa). Dene kang disumurupi : rasa bungah susah, dhemen gething, lara kepenak sapanunggalane, iku dayaning rahsa (yen ora ana rahsa rak ora bungah susah, lara kopenak sapanunggalane, sanajan anaa budi). Nyawa rong warna wis dadi siji geguletan, ora kena dipisah. Ananging sanajan ora kena dipisah meksa kena disilah-silahake, ora kena yen budi dipadhangkake karo rahsa. Bedane luwih dening gedhe.

Peksi derkuku taksih ewed. Ing batos dereng saged ndumuk ingkang pundi ingkang nama rahsa, pramila peksi perkutut lajeng wicanten malih makaten : Tak pratelakne sapisan engkas kang alon, ki sanak rasakna kang sareh.

Upama wong lungguh, nuli kelingan sawijining prakara. Jalaran saka kelingan iku mau, atine banjur krasa bungah utawa susah. Sanajan jalaraning bungah utawa susah saka enggone kelingan, nanging piranti kang diengge bungah utawa susah iku dudu piranti kang kanggo kelingan ki sanak, awit kang dienggo kelingan jenenge **budi**, kang dienggo bungah utawa susah jenenge **rahsa**. Budi lan rahsa padha urip dhewe-dhewe (uga padha duwe alam dhewe-dhewe). Tandha yektine yen budi lan rahsa padha urip dhewe-dhewe, awit ana uga wong kelingan kang ora bungah, ana wong kang kelingan banjur susah. Ana kelingan marakake kepe ngin. Ana kelingan marakake keranta, ana kelingan kang marakake nepsu, ana kelingan kang marakake ngeres lan sapanunggalane. Ana maneh, kelingan kang ora marakake apa-apa.

Sawenehing wong yen sumurup sawijining wujud banjur thukul rasane : **dhemen**, melik, **kepengin**, **pégel**, nepsu, gela lan sapanunggalane. Ananging ana uga wong liyane sumurup wujud kang dideleng wong kang dhisik mau ora marakake apa-apa, awit atine wis akeh sirepe, ora getapan utawa gimiran.

mBok manawa ki sanak saiki banjur bisa nggrahita dhewe yen manungsa iku bisane nyilah-nyilahake budi lan rahsa, sarana katandhing-tandhing, ora mung digoleki, **kang endi kang dienggo eling lan kang endi kang dienggo bungah susah**. Yen mangkono patrape, temahane kaya wong arep misah **cahya lan warna** kang wis awor dadi siji, upamane : ana geni murub kang cahyane ijo, arep dipisah-pisah kang endi cahyane, kang endi warnane, apa bisa ? Bisane mbedakake **cahya lan warna** mesthi kudu nandhing cahya ijo karo cahya kang ora ijo, kayata : ketandhing lan cahya abang, nuli ketandhing maneh lan cahya kuning, nuli ketandhing maneh karo cahya biru, sapiturute, kongsi bisa sumurup terang marang kang aran warna. Sawuse terang marang prakara warna, banjur cahya kang **kanthi warna** mau ketandhingake karo cahya kang ora kanthi warna. Kayata cahya abang utawa ijo katandhing karo cahyaning srengenge, cahyaning jumerut lan mirah katan dhing lan barleyan. Yen wis mangkono, la iku lagi bisa terang marang bedaning cahya lan warna. Sawuse mangkono nuli cahya

padhang katandhing karo cahya kang ora padhang, kayata : srengenge katandhing karo rembulan, banjur katandhing maneh karo pepeteng.

Ki sanak wong ngudi marang alusing rasa iku saranane mung kudu telaten neniteni lan nandhing-nandhing rasa, ora mung mikir lan nakokake **endi** kang aran anu, endi kang aran anu, kang patrape nganggep kaya barang kang pipisahan. Yen ora neniteni sarta lumuh nandhing-nandhing tertamtu tansah peteng. Lan manehe kang prelu **ngrasakake**, dudu **mikir**. Yen rasa **dipikir**, malah sangsaya oleh pepeteng. Marga ora karasa dening kelimpun getering pikir. Marga saka iku wekasku : manawa kisanak ngudi marang kaalusana, samangsa arep mbedakake lan nggagapi rasa, aja pisan-pisan kok pikir kaya patrape wong mikir babagan pikiran, awit sangsaya kok pikir sangsaya buntu sangsaya peteng. Malah wong kang engetane lagi peteng utawa bingung murih ilang pepeteng lan bingunge, saranane iya ngleremake rahsa, ngrindhikake obahing angen-angen, apa dene nyarehake lakuning napas. Mungguh bisane nglakoni mangkono ki sanak yen wong iku ngulinakake sareh ing napas kanthi pangastuti marang kang paring urip. x)

= * =

x) Mintir saha ajeg panembahipun.

IX.

Peksi derkuku wiwit saged nampi sawatawis ginemipun perkutut, sarta lajeng kendel anggenipun manah-manah, awit ngretos manawi prakawis raos dipun manah, sangsaya sanget anggenipun manah, sangsaya boten saget pinanggih.

Nunten perkutut wicanten dhateng derkuku : Pitakonmu kang kaping telu, bisane manungsa padhang budine lan sirna kukeuse, saka panemuku mangkene :

Sepisan : Tansah ngarah-araha aja kongsi rahsa banget sumbare utawa kegedhen urube. Lire, yen bungah aja banget-banget, yen susah aja banget-banget. Yen dhemen marang sabarang prakara aja banget-banget, yen gething menyang sabarang prakara iya aja banget-banget. Mangkono uga yen getun, sengsem, kepengin, gugup, wedi, sumelang, murina, masgul, cuwa, adreng, keranta-ranta sapanunggalane kabeh kang aran obahing rahsa, kudu kaarah-arah aja kongsi banget.

Manawa wis kulina bisa ngarah-arah mangkono, banjur sudanen maneh urube, yaiku yen bungah, susah, dhemen, gething sapanunggalane, ngemungna **sawetara** bae, sabisa-bisa ngaraha **madyane**. Manawa wis bisa akeh sirepe, mesthi budi dadi padhang dening ora kelimput ing kukus lan warna. Mungguh bisane nglakoni mangkono saranane rong prakara : 1. **Pakarti**, 2. **Pangastuti**. Cekake wong iku aja bosen-bosen ngupaya marang pakarti, lan nggeguru patrape wong mangastuti.

Kapindho : Telaten sarta lestari ngudi marang ugeling dumadi, yen wis oleh wewatone banjur diturut. Sabarang kang linakonan aja kongsi nyimpang saka pituduhing budi, tegese : aja nyimpang saka ing bener, sarta aja tambuh, kudu katimbang kalawan beninging budi. Dene beninging budi tinemu kalane rahsa panuju lerem, angen-angen panuju anteng. Manawa rahsa akeh lereme, sarta angen-angen akeh antenge, budi akeh beninge.

Kang ping telu : Mangastuti marang kang paring urip, iku patrape kudu digurokake marang manungsa kang wis yakin barang rasaning kawruh (ora dinumeh wong pinter, wong micara, utawa wong baud). Kawuninganana ki sanak, ana abon-abone panembah kang kanggo saben dina, ora kena kok pikir dhewe, kudu kok gurokake. Panembah kang tanpa pedhot iku dadi pang-

gosoking jiwa, murih saya lawas saya ilang bolote, yaiku : kang tak upamakake nggosok wesi blebekan. 1) Sangsaya ilang bolote, sangsaya gilar-gilar. Dayaning pangastuti nggolongake angenganen sarta ngumpulake rahsa mulih marang : rasa. Manungsa kang tulus ing pangastutine tartamtu saya lawas saya bening, marga say a anteng angen-angene, saya mligi rasane.

Kang kaping papat. Ing kala mangsa yen pinuju sepi, kayata : ing tengah wengi utawa bangun esuk, ngetrapake panunggal, mbeningake angen-angen sarta nyirep sakabehing napsu, sarana ngirih-irih, (murih meneng karepe dhewe), nyawijekake lakuning angin sarana sareh, iku arane semadi. Kareping semadi ora liya ngendheg lakuning angen-angen (pikir), rahsa apa dene napsu, kaangkah ngumpul mligi ana ing **budi lan rasa**, kagendeng ing tekad, kacancang ing napas. Manawa budi wis ora kalingan ing obahing angen-angen, sarta rasa wis ora kalimput kedhering rasa, mung kari padhanging budi kang reraketan lan rasa, iku arane **pramana**. Tegese : tetela weruh ing kaalusian. Kahananing manungsa kang mangkono kaanggep pangilon kang bening, kagunganing kahanan jati. Kang ngilo : kahanan jati. Kang dienggo ngilo : manungsa sejati. Ayang-ayangane : gumelar ing alam. Bisane mangkono yen saben dina rasa akeh sirepe, angen-angene akeh menenge, apa dene tresna marang kang paring urip, lahir tume kaning batin. Manawa ing nalika awan akeh sumebare, mangka bengi nglakoni semadi, mesthi peteng, gampang goyanje, utawa keturone.

1) m

Peksi perkutut nglajengaken wicantenipun : Ki sanak, mba-leni dalaning ngudi marang kaalusian iku kang prelu, tlaten niteni lan nandhing-nandhing rasa. Kayata : ngrasakake bedaning raksa lan rasa, bedaning prentul kang kamomoran, karo prentul kang murni, (katitenan kang titi, karasakake kang emat), bedane pikir lan gagasan, bedane pikir karo budi sapanunggalane.

Mungguh kang kudu dititeni lan ketandhing-tandhing mau kang baku : kahananing batine dhewe, uga ngepek tuladan batining liyan, kang katon cahya lan warnane ana ing lair, iku minangka tuladha. Sawise bisa niteni lan nandhing-nandhing rasa, nuli niteni kang dadi sababing tuwuh lan sababing sirep, wasana bisa meper thukulan kang ala, dene wis niteni marang lageyane lan sumurup marang wewadine, sarta banjur bisa nggayuh rasa kang mulya, kang sumingit ing garbaning manungsa, marga rasa kang luhur sangsaya mingis, pikire uga sangsaya pratitis. Wong kang mangkono iku, bisa rumeksa marang uripe, dening bisa ngereh marang karepe, bisa milih kang becik, patitis enggone ngupaya marang bener lan ngarah kang slamet.

Mungguh yektine kareping manungsa iku ana kang thukul saka dayaning napsu kang ala, ana kang thukul saka napsu kang becik, ana kang thukul saka rasa. Kajaba iku ana kang manut pituduhing budi, ana kang manut angen-angen kang lagi peteng, ketarik dayaning roh peteng (roh kewani), ana maneh panggawe kang tumindak saka dayaning roh peteng thok-thok (ninggal angen-angen). Iku kabeh kudu dirasakake, sarta katitenan. Angen-angen dadi ratuning pancadriya, iku kang kwajiban mbedakake ala lan becik, bener lan luput.

Karep kang **becik** iku pangajaking napsu mutmainah, samono uga kabeh napsu ora kabageyan sumurup marang **bener**, awit bener iku dadi bageyaning budi, mulane angen-angen kudu awas marang pituduhing budi, rehning budi iku tukang nuduhake bener. Karep kang becik sarta kanthi wewaton bener mau iya durung mesthi **rahayu** utawa perlu linakonan, dadi kudu awas marang sasmitaning rasa, karana rasa iku tukang nuntun marang slamet lan widada, tansah ngrasa marang kang perlu linakonan, tansah tuduh marang wajib lan we wengkone.

Sing sapa bisa nggoleki napsu mutmainah, budi lan rasa,
kang dumunung ing garbane, Insya Allah apa kang linakonan
akeh becike, kerep benere, cepak rahayune.

Empane wong neniteni lang ngrasakake thukuling napsu
kang becik, sasmitaning rasa apa dene pituduhing budi, iku kudu
sarana gegosokan, karo kanca kang nunggal pangudi, tuntun ti-
nuntun, sarta gendeng-ginendeng. Kawuninganana, manungsa
iku bisane nandhang-nandhang lan ngrasakake, dalane ora liya pa-
nuntun lan pratikel saka ing liyan. Mangkene pranatane : upama
wong sawetara padha lelungguhan ing panggonan kang sepi lan
kepenak, atine ing sawatara wis padha resik, banjur ngupaya ka-
henengan, satemah dayane tarik tinarik, tulung tinulung. Manawa
ana kang oleh pletik saka ing gaib (thukul saka : rasa), katularake
ing kancane, nuli padha diamed, dikenyami nganggo rasane ing
wektu iku. Pranatan kang mangkono manawa ajeg utawa pinter
ora sethithik paedah, wasana lawas-lawas oleh sesotya kencana.

= = * = =

“Kita mungkin tidak pernah tahu betapa pentingnya sebuah buku dalam hidup kita. Tapi ketika kita menemukannya, kita tahu bahwa itu adalah hal yang sangat penting. Buku-buku ini membantu kita memahami dunia dan diri kita sendiri dengan cara yang tidak mungkin dilakukan tanpa mereka. Mereka memberikan kita pengetahuan dan inspirasi yang kita butuhkan untuk menjadi orang yang lebih baik. Kita tidak akan pernah tahu betapa banyak pengaruh mereka terhadap kita, tetapi kita tahu bahwa mereka ada dan mereka berarti.”

Peksi derkuku kendel ing sawatawis, wasana taken malih makanen : Perkutut, isih ana saprakara kang durung patiya terang pamikirku, yaiku bab bedane kang kok upamakake barleyan karo kaca benggala. Terange mangkene : Warnaning kawujudan dadi ibarat raha saning manungsa, cahyaning kawujudan dadi ibarat budi. Iku aku wis rada bisa ngrasakake, banjure : rerupan kang kaduk warna kurang cahya dadi pepindhaning rahsa kang pepadhang mung sawatara. Rerupan kang warna lan cahyane padha kaduke, dadi pepindhan padhanging budi kang isih kereh marang rahsa. Rerupan kang kaduk cahya tanpa warna, dadi pepindhaning budi padhang sarta ora duwe watak (ora kereh ing rahsa). Kang iku, sarehne barleyan lan kaca benggala karo-karone padha pinunjul ing cahyane lan padha ora duwene warna, lah kang endi kang dadi sababe beda ?

Wangsulanipun peksi perkutut : O, ki sanak durung tetela prakara iku ora nggumunake, awit saprakara iku panceñ ora gampang. Prayoga dak terangake sepisan engkas. Ematna :

Ki sanak, mungguh kebatinaning manungsa kang tak sa-nepakake barleyan yaiku kang bening sarta bisa ngereh lan ngukud marang pancadriya. Enggone bisa ngereh marang pancadriya kaya dene barleyan bisane ngabang, biru, ngijo, nguning lan sapiturute. Enggone bisa ngukud marang pancadriya dene barleyan enggone bisa nyirnakake marang warnane, kari beninge tanpa warna. Ana dene bedane karo kang tak upamakake kaca benggala iku mangkene : Kang dak upamakake barleyan iku isih korup marang dhiri, dene kang dak upamakake kaca benggala iku kang wis lali marang dhiri (sajrone tumama ing sopana), kang iku apa ki sanak wis bisa nampa marang tegese tembung korup marang dhiri ?

Korup marang dhiri iku, tegese : isih duwe rasa kang ngajak ngengkoki marang wujude kamungkin, liré yaiku : ngrasa yen dheweke iku kang wujud jirim, kang duwe timbangsan, kang duwe aran ala utawa bagus.

Tembung mumkin, tegese : anane mung wenang (kena ana kena ora), tur anane nganggo mangsa, dadi dudu kahanan jati. Sajatine mumkin iku mung ayang-ayangan, kang katon ana ing pangiloning dat kang mesthi anane.

Dene kang dak upamakake kaca benggala iku kang wis kasungan rasa kang wis ora ndhaku (ora ngengkoki) marang wujud mumkin. Kang didhaku utawa diengkoki kang tanpa warna, tanpa rupa, kang nglimiti ing jirim, kang ora ala ora bagus, kang langgeng mesthi anane, kang tanpa mangsa, ora wiwitan ora wekasan, yaiku kahanan jati, ya iku kang ana sabener-benere.

Sarupane kang awujud jirim*) utawa kang duwe timbangan, utawa sawiji-wiji (yaiku kang bagus utawa ala), kabeh dudu kahanan jati. Tegese tembung dudu kahanan jati : kang ora temen ing anane.

Sarupane kang gumelar sajatine mung gambar (wayangan) kang katon ing pangilon gaib, kabeh anane mung wenang, bisa ana bisa ora, sarta anane mung sawetara mangsa, bisa bali ora ana maneh.

Mungguh kang aran rasa ora ndhaku marang wujud mumkin (dhiri) iku luhur-luhuring rasa. Rasa kang kaanggo mbedakake rasa rong warna mau iya alus-alusing rasa.

Kang dadi pepindhaning barleyan iku rasa kang bisa ngemot sawarnaning wewatekan, nanging durung ngemot marang wujud mumkin kang tetimbangan, dadi iya isih ngrasa duwe tetimbangan, ngrasa nganggo wilangan, ngrasa duwe nerangan, apa dene ngrasa dadi isen-isening alam. (Enggone bisa ngamot wewatekan iku pepindhane : barleyan bisa ngabang-biru kaya warnane mirah kang beda-beda. Dene enggone ngrasa duwe timbangan, kaya barleyan enggone mbedakake rupane karo rupaning mirah, kupu, areng lan watu).

O ki sanak, yen mung prakara ngucap kaya aku iki sewu gampang. Mangkono uga ngudi bisane nerangake, ngudi bisane mangeriti, ngudi bisane ngetrapake panganggep, apa dene wong ngudi patraping nekadake : kabeh kena kaanggep gampang, balik wong ngudi bisane **nggayuh rasa**, banget nggone ora gampang. Aku iki iya mung saderma nglairake panemu bae nganggo pathokaning akal. Kabisanku mung lagi bisa ngarani thok-thok, blakane kahananku isih kena kaupamakake elaring kupu kang blawus utawa rupaning watu, bolotku isih kaya wesi blebekan, durung paja-paja bisa kaya mirah sing ala dhewe, apa maneh kaya barleyan.

= = * = =

x) Jirim iku Tembung Arab, kabeh kang kena kaukur nganggo ukuran m^3 iku = jirim. Kabeh jirim ngesuk enggon sacukupe (makan tempat).

Bab rupaning kaca benggala gedhe dadi ngibarat sipating dat kang tanpa timbangan.

Kaca benggala ora duwe tetandhingan, lire : ora tau ketanhing karo rupaning barang liya, marga kaca benggala ora duwe rupa, ora duwe warna, ora bagus ngungkuli barleyan utawa mirah, sarta ora ireng ngungkuli areng, ora buthek kaya watu, ora menkorong kaya mirah, ora kelip-kelip kaya barleyan, dadi suwung wangwung ora ana apa-apane, ora kantha, ora rupa, ora warna ora cahya, ora wangun.

Ki sanak, mbok manawa ana sawenehing manungsa kang kliru ora percaya marang anane kang murbeng alam. Dadi ananing dhirine lan anane gumelar kabeh, kaanggep gumandhul marang suwung. Kang mangkoné iku upamakna nganggep suwung marang warna rupaning kaca benggala, satemah kaca benggala dipadhakake karo : kothongan kang pancer suwung babar pisan. Apa iku bener ?

Ki sanak, besuk liya dina padha tetemonan maneh ing pencokan kang kapenak, banjur saraseyan kang jenak bab patrape nandhing lan ngrasakake. Saiki ayo padha ngaso marang susuh.

Peksi kalih nunten miber, mantuk dhateng susuhipun piyambak-piyambak.

(Tanfat).

